

AVI ELEKSYON MINISIPAL JENERAL
NAN VIL MIAMI, FLORID
KI VA FÈT MADI 2 NOVANM 2021
KONFÒMEMAN A REZOLISYON NIM. R-21-0120
NAN OBJEKTIF POU ELI BIWO
MAJISTRA KI DWE ELI POU VIL LA,
AK DE (2) KOMISYONÈ VIL YO DWE ELI NAN DISTRIK 3 AK 5
KI YO CHAK GEN YON SÈL REPREZANTAN



Yon eleksyon minisipal jeneral va fèt madi 2 novanm 2021 soti 7:00 A.M. rive 7:00 P.M. nan Vil Miami, Florid, nan biwo vòt yo nan plizyè sant biwo vòt ke Sipèvizè Eleksyon Konte Miami-Dade la deziyen kote elektè ki kalifye pou patisipe nan eleksyon sa a va vote pou ofisye minisipal sa yo: Majistra ki dwe eli pou vil la ak de (2) Komisyonè Distrik, ki dwe eli nan Distrik 3 ak 5 ki yo chak gen yon sèl reprezantan. Si sa nesèsè, va gen yon dezyèm tou eleksyon nan madi 16 novanm 2021.

Kalifikasyon kandida pou eleksyon minisipal jeneral la va fèt nan Biwo Grefye Vil la nan Miami City Hall, 3500 Pan American Drive, Miami, Florida, 33133 apati vandredi 3 septanm 2021, epi li ap fini samdi 18 septanm 2021. Pandan peryòd sa a, Biwo Grefye Vil la va louvri lendi rive vandredi soti 8:00 A.M. rive 5:00 P.M., epi nan samdi 18 septanm 2021, soti 8:00 A.M. rive 6:00 P.M.

Avèk anpil respè, nou mande tout moun ki swete poze kandidati yo pou tanpri rele davans pou pran yon randevou pou kalifye kòm yon kandida. Randevou yo ka fèt lè moun rele Biwo Grefye Vil la nan (305) 250-5361.

Vizite sit entènèt nou an nan www.miamigov.com/elections pou plis enfòmasyon sou eleksyon minisipal jeneral 2 novanm 2021 Vil Miami an.

#36431

Todd B. Hannon
Grefye Vil